



Pwogram Èd Finansye pou Gadri pou Timoun: Règleman ki gen rapò ak Depatman Asistans Tranzisyonèl (DTA)

Nimewo Règleman an: CCFA-26-06

Dat Li Pibliye: 6 Me, 2026

Dat li An Vigè: 6 Me, 2026

Aplikabilite: Depatman Asistans Tranzisyonèl, Administratè Aksè Fanmi (FAA), Mass211, Ajans Resous ak Referans pou Gadri pou Timoun (CCRR), Founisè Kontra, ak Fanmi yo.

TABLO KONTNI YO

ENFÒMASYON DEBAZ.....	2
Sistèm Asistans Finansye pou Swen/Gadri pou Timoun nan Massachusetts.....	2
Pwogram Swen/Gadri Timoun ki Asosye ak Depatman Asistans Tranzisyonèl la (DTA)	2
OTORITE.....	3
ENFMASYON ANPLIS.....	3
PA AN MIZAJOU / EKSPIRE.....	3
ELIJIBILITE AK REFERANS.....	3
PARAN KI JÈN YO	5
LAJAN POU TRANSPÒTASYON	5
FRÈ PARAN YO	5
RAPÒTE CHANJMAN KI FÈT.....	6
PREZANS	6
POZ POU PA PREZAN NAN GADRI A KI APWOUVE.....	7

REOTORIZASYON AK KONTINITE GADRI A	8
GADDRI TranZisyonèl pou Timoun ki Gen Rapò ak DTA	9
Fanmi ki gen yon Otorizasyon CCFA Aktif Lè Dosye DTA a Fèmen.....	9
Fanmi K ap Itilize CCFA pou Premye Fwa Apre Dosye TAFDC la Fèmen.....	9
Règleman Jeneral Pwogram pou Gaddri Tranzisyonèl pou Timoun.....	9
Premye Règleman sou Otorizasyon Tranzisyonèl pou 12 Mwa	10
Dezyèm Règleman sou Otorizasyon Tranzisyonèl pou 12 Mwa.....	10
REFI, REVOKASYON, MANDE YON REVIZYON	10
KOMINIKASYON	11

ENFÒMASYON DEBAZ

Sistèm Asistans Finansye pou Swen/Gadri pou Timoun nan Massachusetts

Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti (EEC) bay asistans finansye pou ede fanmi ki gen ti revni nan Massachusetts peye pou edikasyon ak swen/gadri pou timoun piti ki gen bon jan kalite. Politik sa a konsolide divès politik pwovizwa ak konsèy pou ane 2023–2026 yo nan yon sèl gid konsolide pou asire klète, transparans, ak aksè ekkitab pou tout rezidan Commonwealth la,

Gen twa (3) Pwogram Asistans Finansye pou Swen/Gadri Timoun pou adrese diferan bezwen fanmi yo atravè Commonwealth la:

- Pwogram Swen/gadri pou Timoun pou Moun ki ki Kalifye Selon Revni yo
- Pwogram Swen/Gadri pou Timoun ki asosye ak Depatman Asistans Tranzisyonèl (DTA)
- Pwogram Swen/Gadri Timoun ki gen rapò ak Depatman Timoun ak Fanmi (DCF)

Pwogram Swen/Gadri Timoun ki Asosye ak Depatman Asistans Tranzisyonèl la (DTA)

Depatman Edikasyon ak Gadri/Swen pou Timoun Piti (EEC) travay an patenarya ak Depatman Asistans Tranzisyonèl (DTA) pou satisfè bezwen gadri pou timoun ak fanmi yo k ap resevwa asistans ekonomik (TAFDC) ak/oswa asistans alimantè/foodstamp (SNAP) epi k ap patisipe nan pwogram travay, edikasyon, fòmasyon, oswa ki gen lòt bezwen sèvis kalifye.

OTORITE

- M.G.L. c. 15D, § 1: Otorite jeneral pou asire timoun ak fanmi yo gen tout opòtinite pou yo reyalize potansyèl yo.
- M.G.L. c. 15D, § 13A: Kòdifikasyon pwogram CCFA a nan lwa..
- 606 CMR 10.00: Règleman sou Asistans Finansye pou Swen/Gadri pou Timoun.
- 45 CFR Part 98: Plan Fon Federal pou Swen/Gadri ak Devlopman Timoun (CCDF).

ENFMASYON ANPLIS

- [Asistans Finansye pou Swen/Gadri pou Timoun](#) Apèsi sou pwogram Asistans Finansye pou Swen/Gadri Timoun nan Massachusetts (CCFA). Resous pou fanmi yo aprann sou èd pou peye swen/gadri timoun ak pwogram apre lekòl.
- [Enfòmasyon apwopo gadri pou timoun ki gen rapò ak DTA](#): DTA bay gadri pou paran ak moun k ap okipe timoun ki se kliyan TAFDC epi ki ap travay oswa ki patisipe nan aktivite ki gen rapò ak edikasyon, fòmasyon oswa anplwa.
- [Sant pou Pwogram Èd Finansye pou Gadyenaj Timoun](#) Repozitwa anliy/sou entènèt pou règleman, politik, konsèy sou politik, pwosedi, kesyon yo poze souvan (FAQs) ak resous fòmasyon ki pi resan sou asistans finansye pou gadri.
- [Fòm Komen pou Asistans Finansye pou Swen/Gadri pou Timoun](#)
- Pou asistans ak aplikasyon oswa entèpretasyon politik pwovizwa Asistans Finansye pou Swen/Gadri pou Timoun sa yo, kontakte EEC nan: eeccsubsidymanagement@mass.gov

PA AN MIZAJOU / EKSPIRE

- Règleman Pwovizwa pou Pwogram Èd Finansye pou Gadri pou Timoun ki Gen Rapò ak DTA – 1e Oktòb 2023
- Avètisman Konsèy sou Politik EEC – Operasyon sou teren 2023 - 4 - Asistans Finansye pou Gadri Timoun
- Avi Konsèy sou Politik EEC – Operasyon sou Espas Travay la 2024 - 7 - Gid Politik Mizajou sou Èd Finansye pou Gadri/Swen Timoun
- EEC Avi Konsèy sou Politik EEC – CCFA 2025 – 03 - Politik Pwovizwa sou Revni ki Kalifye ak Asistans Finansye pou Gadri pou Timoun Depatman Asistans Tranzisyonèl (DTA)

ELIJIBILITE AK REFERANS

DTA ap bay referans pou gadri, an akò ak egzijans federal ak leta, pou fanmi sa yo ki gen

dosye DTA aktif oswa ki fèk fèmen e ki:

- Resevwa TAFDC epi eksplòre aktivite Chemen Travay TAFDC yo;
- Resevwa TAFDC kote yon paran ap travay oswa nan yon aktivite TAFDC
- Resevwa SNAP kote yon paran ap patisipe nan yon aktivite SNAP chemen travay ki apwouve;
- Yon moun fanmi k ap bay swen ki resevwa TAFDC pou yon timoun li okipe epi k ap travay; ak/oswa
- Yon ansyen paran TAFDC ki te fèmen dosye li nan 24 dènye mwa yo e ki ap travay oswa patisipe nan edikasyon oswa fòmasyon (atravè referans tranzisyonèl DTA).

DTA ap refere paran yo ak yon otorizasyon ekri pou gadri bay Administratè Aksè Fanmi (FAA) ki apwopriye a. Fanmi yo refere pa DTA ap resevwa aksè imedyat atravè referans lan e yo pa oblije mete yo sou lis datant santralize EEC an. Referans DTA bay yo ap valab pou 90 jou apati dat emisyon an. Si yon fanmi pa rive jwenn gadri pandan peryòd 90 jou sa a, DTA ka voye yon referans ki an mizajou pou yon lòt peryòd 90 jou. Se anplwaye DTA yo, tankou Travayè Angajman Total, Espesyalis SNAP E&T, oswa manadjè ka, k ap voye referans yo bay CCRR. Administratè Aksè pou Fanmi yo dwe kontakte fanmi DTA refere yo nan yon delè 3 jou ouvrab apre referans lan pou konplete pwosesis asistans finansye pou gadri a, sa ki enkli ladan ede fanmi an jwenn yon pwogram gadri ki ka bay gadri sibvansyone.

Referans lan li menm sifi kòm dokiman pou fanmi ki sou referans lan kalifye pou Gadri Timoun ki gen rapò ak DTA, e sèl lòt dokiman ki nesèsè se prèv idantite, si yo pa t deja bay li. Administratè Aksè Fanmi yo pral verifye idantite paran(an) ki sou referans gadri timoun nan. Pandan yo prefere yon kat idantite ki gen foto, si youn pa disponib fasilman, nenpòt dokiman ki rezonabman verifye idantite a akseptab. Limit sou revni ak byen pa aplike pou fanmi k ap resevwa gadri Timoun ki gen rapò ak DTA.

Referans DTA yo gen yon peryòd kalifikasyon inisyal ki pa mwens pase 12 mwa, sòf si fanmi an refere ak tip referans DTA pou aktivite apwouve. Fanmi k ap chèche yon aktivite apwouve ap resevwa yon peryòd otorizasyon inisyal 12 semèn. Yon otorizasyon pwovizwa 12 semèn "Chèche Aktivite Apwouve" ka bay yon paran TAFDC k ap eksplòre pwogram Chemen pou Travay oswa k ap chèche travay. DTA dwe bay yon nouvo referans pou Aktivite Apwouve TAFDC pou fanmi an ka resevwa yon otorizasyon 12 mwa epi kontinye swen.

Fanmi DTA yo ap otorize pou gadri timoun a plen tan, sòf si referans lan endike otreman. Referans DTA a detèmine bezwen pou sèvis la, epi pa gen okenn lòt dokiman

ki nesesè.

PARAN KI JÈN YO

DTA ka bay yon referans pou Gadri pou Timoun ki gen rapò ak DTA bay yon fanmi ki gen yon Jèn Paran ki pa elijib pou TAFDC akòz revni paran li. Jèn paran an ap resevwa aksè imedyat nan asistans finansye pou gadri epi li pap mete sou lis dattant lan. Referans DTA a se dokiman ki sifi pou fanmi an kalifye pou Gadri pou timoun ki asosye ak DTA san okenn lòt dokiman pou satisfè kondisyon sou revni, bezwen sèvis, rezidans, ak kay la. Jèn paran ki gen referans DTA pa pral peye frè paran. Pou plis enfòmasyon sou kijan asistans finansye pou gadri sèvi tout paran ki poko gen 24 an ak fanmi yo, tanpri gade [Règleman Selon Revni w](#).

Administratè Aksè Fanmi yo disponib pou enfòm ak konseye tout paran ki poko gen 24 an sou chwa yo nan Pwogram Asistans Finansye pou Gadri/Swen pou Timoun, sou sèvis yo bay, ak sou kondisyon pou patisipe.

LAJAN POU TRANSPÒTASYON

Fanmi ki resevwa yon otorizasyon swen/gadri pou timoun ki gen rapò ak DTA ap kalifye pou resevwa finansman transpò atravè EEC lè li disponib kòm yon pati nan plasman pitit yo pandan y ap sou CCFA. Administratè Aksè Fanmi yo dwe travay ak fanmi DTA yo pou ede yo detèmine kijan pou pi byen satisfè bezwen fanmi yo pou transpò, an akò avèk [Politik sou Transpò pou Revni ki Elijib](#).

FRÈ PARAN YO

Fanmi DTA ki resevwa TAFDC ak/oswa Foodstamp/SNAP epi ki patisipe nan yon Pwogram Chemen pou Travay, oswa yon paran TAFDC k ap travay, p ap peye okenn frè pou paran. Eksepsyon frè sa a ap kontinye jiskaske fen otorizasyon swen timoun ki gen rapò ak DTA a.

Fanmi DTA ki gen yon referans tranzisyonèl DTA p ap peye frè paran pandan premye peryòd otorizasyon tranzisyonèl 12 mwa a. Y ap aplike yon frè paran pandan dezyèm peryòd otorizasyon tranzisyonèl 12 mwa a dapre Tablo Frè Paran ki Kalifye selon Revni. Pou plis enfòmasyon sou frè paran yo, tanpri gade [Règleman Pwogram sou Revni ki Kalifye](#).

RAPÒTE CHANJMAN KI FÈT

Administratè Aksè Fanmi yo pral travay ansanm ak anplwaye DTA yo pou asire fanmi yo enfòme sou kijan ak kilè pou rapòte sèten chanjman ki fèt pandan yon otorizasyon gadri timoun ki gen rapò ak DTA. Fanmi an dwe rapòte chanjman sa yo bay anplwaye DTA yo nan 30 jou apre chanjman an. Anplwaye DTA yo pral notifiye Administratè Aksè Fanmi an dèske yon fanmi rapòte yon chanjman.

Apre yo fin fèmen dosye DTA a, nenpòt chanjman ki fèt pandan otorizasyon tranzisyonèl ki gen rapò ak DTA a dwe rapòte dirèkteman pa fanmi an bay Administratè Aksè Fanmi yo. DTA pap oblije kontinye rapòte chanjman bay Administratè Aksè Fanmi yo apre dosye DTA yon fanmi fin fèmen.

Chanjman ki dwe rapòte yo enkli:

- Revni yon fwaye ki depase 85% Revni Medyan Eta a (SMI)
- Enfòmasyon kontak fanmi an (sa ki enkli ladan chanjman adrès oswa chanjman nan aranjman gad legal timoun pou plis pase 30 jou an total);
- Konpozisyon fwaye pou plis pase 30 jou total nan yon otorizasyon 12 mwa;
- Fanmi an pa abite Massachusetts ankò; epi
- Yon chanjman oswa yon sispansyon nan patisipasyon yon paran nan travay, fòmasyon, oswa edikasyon ki prevwa dire plis pase 12 semèn.

Si yo rapòte yon chanjman ki obligatwa pou yo bay yon nouvo referans swen/gadri timoun ki gen rapò ak DTA, tankou nesans yon nouvo timoun oswa yon chanjman nan aranjman gad legal timoun nan, Administratè Aksè Fanmi an dwe notifiye pèsònèl DTA ki konsène a. Yo pap deranje plasman yon timoun pandan y ap bay yon nouvo referans, sòs si fanmi an mande yon chanjman.

PREZANS

Yon fwa otorize, fanmi yo pral travay ak founisè swen/gadri timoun ki chwazi a pou enskri pitit yo epi etabli yon orè ki an akò ak otorizasyon an epi ki satisfè bezwen fanmi an. (sa vle di swen/gadri a plen tan oswa a tan pasyèl). Founisè yo pral resevwa peman selon enskripsyon fanmi an..

- Nou define yon **absans** kòm nenpòt jou kote yon timoun otorize pou l vini patisipe nan yon pwogram edikasyon ak gadri/swen pou timoun piti yo men li pa prezan.
- Tout absans yo dwe anrejistre nan rejis/dosye prezans founisè a.

Lè yon timoun DTA absan oswa pral absan nan gadri a, fanmi an dwe fè founisè a konnen. Administratè Aksè Fanmi (FAAs) ta dwe kontakte fanmi yo touswit si yon timoun absan nan gadri a epi li pa kominike ak founisè yo. Si yon timoun absan pou plis pase 30 jou youn apre lòt oswa 45 jou an total pandan yon otorizasyon 12 mwa, epi fanmi an pa t mande ni resevwa yon Poz Apwouve nan Gadri a, absans yo ap konsidere kòm yon Poz ki pa Apwouve nan Gadri a. Yon Poz ki pa Apwouve nan Gadri a ka lakòz nou mete fen nan plas timoun nan.

Anvan yo koupe plas yon timoun, FAA dwe fè de tantativ separe pou kontakte fanmi an ak diferan metòd (pa egzanp, yon apèl telefòn yon jou, yon imèl jou kap vini an). FAA ta dwe kontakte paran(yo) pou evalye sityasyon fanmi an epi diskite sou opsyon ki disponib yo. Si sa nesèsè, yo ka ofri yon Poz Apwouve nan Gadri a anvan fen 30 jou absans youn apre lòt.

FAA yo dwe enfòme fanmi yo sou opsyon pou koupe gadri a (Koupe Plasman yo) men toujou kenbe benefis CCFA yo, depann de konklizyon pwosesis re-otorizasyon anyèl la.

Revokasyon plasman yon timoun (PA otorizasyon an) ka fèt nan sikonstans sa yo:

- **Aprè 30 absans youn apre lòt ki pa esplike:** Yo ka bay yon avi pou koupe kontra a nan 31yèm jou a, pou de (2) semèn.
- **After Aprè 45 jou absans, sa ki enkli absans ki pa esplike:** Yo ka bay yon avi pou koupe kontra a nan 46yèm jou a, sa ki valab pou de (2) semèn.

Asistans finansye yon fanmi DTA pa dwe revoke/koupe san kontakte Manadjè Dosye DTA a oswa Travayè Angajman Konplè a epi resevwa apwobasyon EEC.

POZ POU PA PREZAN NAN GADRI A KI APWOUVE

Fanmi yo ka mande yon Poz Apwouve nan Gadri a pou kanpe sèvis gadri pandan otorizasyon asistans finansye aktif yo pou jiska 90 jou.

Administratè Aksè Fanmi yo dwe ofri yon Fanmi yon Poz Apwouve nan Gadri a si timoun nan pap patisipe nan gadri a akòz yon evènman ki dire plis pase de (2) semèn, sa ki enkli ladan men pa limite sa sa sèlman:

- Yon maladi ki dire lontan oswa yon pwosedi medikal;
- Yon poz nan swen pou vakans lete;
- Yon vizit pou wè yon paran ki pa gen gad legal pitit la; ak/oswa
- Yon vakans pwolonje.

EEC pap kontinye peye pou timoun ki nan yon Poz Apwouve nan Gadri a. Paran yo gen dwa pou yo pa patisipe nan yon Poz Apwouve nan Gadri a

Founisè yo pa oblije kenbe plas yon timoun nan pwogram gadri a pandan yon Poz Apwouve nan Gadri a. Si pa gen plas ki disponib ankò lè fanmi an pare pou retounen, fanmi an ka transfere asistans finansye yo bay yon lòt founisè yo chwazi. Sa pèmèt timoun nan reprann swen/gadri san li pa retounen sou lis datant EEC pou moun ki kalifye dapre revni yo. Sòf si otorizasyon 12 mwa a ekspire pandan Poz Apwouve nan Swen/Gadri an, fanmi k ap retounen sot nan yon Poz Apwouve nan Swen/Gadri pandan otorizasyon 12 mwa aktyèl yo a pa oblije jwenn yon nouvo referans oswa otorizasyon anvan yo retounen nan gadri a.

Si yon fanmi pa retounen soti nan yon Poz Apwouve nan Gadri nan peryòd tan ki etabli a epi otorizasyon 12 mwa fanmi an ekspire, asistans finansye pou gadri timoun fanmi an ap sispann/revoke.

Si fanmi an retounen nenpòt ki lè ak yon referans DTA, yo pral enskri fanmi an an akò ak politik gadri/swen pou timoun ki gen rapò ak DTA a.

Si fanmi an retounen epi li pa gen dwa ankò atravè DTA oswa Swen Timoun Transisyonèl DTA, lè sa a fanmi an ap sijè a [Politik Elijibilite selon Revni](#) w epi y ap mete w sou lis datant lan.

Si yon timoun absan nan gadri a, epi founisè a pa t kapab kominike ak fanmi an pou plis pase 30 jou youn apre lòt, oswa li te absan pou 45 jou an total pandan yon otorizasyon 12 mwa, oswa plis pase 20 jou pandan yon otorizasyon pwovizwa 12 semèn pou Aktivite Apwouve, epi fanmi an pa t mande ni resevwa yon Poz Apwouve nan Gadri a, plasman timoun nan ka koupe.

REOTORIZASYON AK KONTINITE GADRI A

DTA ka re-otorize yon fanmi pou yon peryòd 12 mwa anplis si fanmi an kontinye ap resevwa TAFDC. Referans sa a ki gen rapò ak DTA ka fèt jiska 60 jou anvan dat ekspirasyon otorizasyon ki la a. Fanmi yo pa bezwen fè re-otorizasyon an an pèsòn: yo dwe mete opsyon vityèl ak telefòn disponib. Plasman yon timoun pap deranje pandan y ap bay yon nouvo referans, sof si fanmi an mande pou gen yon chanjman.

Fanmi DTA k ap resevwa SNAP epi ki patisipe nan yon pwogram Chemen Travay SNAP ka re-otorize atravè [Politik kontinwite gadri pou Pwogram Gadri pou Timoun ki Elijib selon Revni yo](#), epi yo pa bezwen mete yo sou lis datant lan, depi fanmi an kontinye ranpli

kondisyon elijiblite pwogram nan.

GADDRI TRANZISYONÈL POU TIMOUN KI GEN RAPÒ AK DTA

Fanmi DTA yo kalifye pou jwenn aksè imedyat nan Swen/Gadri Tranzisyonel pou Timoun pou jiska 24 mwa apre yo fin fèmen dosye DTA yo. Pou asire yon tranzisyon san pwoblèm, règ sa yo aplike selon lè fanmi an jwenn swen ak estati otorizasyon CCFA aktyèl li.

Fanmi ki gen yon Otorizasyon CCFA Aktif Lè Dosye DTA a Fèmen

- Si yon fanmi deja ap resevwa asistans gadri ki gen rapò ak DTA lè dosye TAFDC yo fèmen, asistans finansye pou gadri a ap kontinye san entèripsyon.
- Otorizasyon gadri timoun ki gen rapò ak DTA aktyèl la pa dwe redwi/kout.
- Dat dosye DTA a fèmen ap anrejistre kòm dènye jou otorizasyon swen/gadri timoun ki gen rapò ak DTA aktyèl la.
- Apre otorizasyon ki gen rapò ak DTA a fini, fanmi an ka elijib pou premye otorizasyon gadri tranzisyonèl timoun 12 mwa yo a.
- Fanmi an ka elijib pou yon dezyèm otorizasyon tranzisyonèl 12 mwa.

Fanmi K ap Itilize CCFA pou Premye Fwa Apre Dosye TAFDC la Fèmen

- Fanmi yo ka toujou kalifye pou Swen/Gadri Tranzisyonèl pou timoun menm si yo pa t gen gadri timoun pandan dosye DTA yo te louvri.
- Si yon fanmi mande gadri nan 24 mwa apre dosye TAFDC yo fèmen, yo pa dwe mete yo sou lis datant lan.
- Fanmi ki aplike nan peryòd 1 a 12 mwa apre yo fin fèmen dosye a ka otorize pou swen/gadri tranzisyonèl pou timoun, *dapre Règleman Otorizasyon Tranzisyonèl pou Premye 12 Mwa ki anba a*, epi apre sa yo ka vin elijib pou dezyèm ane peryòd tranzisyonèl la.
- Fanmi ki aplike nan peryòd 13 a 24 mwa apre dat dosye TAFDC yo a fèmen ka otorize pou swen/gadri tranzisyonèl pou timoun dapre *Règleman Dezyèm Otorizasyon Tranzisyonèl 12 Mwa ki anba a*. Lè yo gen pwochen re-otorizasyon an, yo ka elijib pou kontinite swen atravè Pwogram Swen Timoun pou Revni Elijib.

Règleman Jeneral Pwogram pou Gaddri Tranzisyonèl pou Timoun

- Nan fanmi kote gen de (2) paran, toude paran yo dwe satisfè kondisyon elijiblite yo pou kalifye pou gadri/swen tranzisyonèl.
- Otorizasyon 12 mwa yo rete an plas sof si yon nouvo referans endike ke dosye TAFDC la relouvri. Nan ka sa a, y ap antre yon nouvo otorizasyon ki gen rapò ak

DTA sou baz referans lan.

- Yon fanmi kalifye pou otorizasyon pwovizwa "Aktivite Apwouve pou Chèche..." pandan premye oswa dezyèm peryòd tranzisyon 12 mwa yo.
- Nan fen peryòd tranzisyon an (jiska 24 mwa Gadri Tranzisyonèl pou Timoun nan), fanmi yo ka kalifye pou kontinwite gadri atravè Pwogram Gadri Timoun ki Kalifye selon Revni an, depi yo kontinye satisfè egzijans pwogram nan.

Premye Règleman sou Otorizasyon Tranzisyonèl pou 12 Mwa

- DTA bay yon referans pou premye otorizasyon 12 mwa a.
- Dokiman referans lan sifi pou satisfè kondisyon revni ak rezidans pou peryòd 12 mwa ki imedyatman apre otorizasyon an.
- DTA konfime ke paran an ap fè yon aktivite ki pèmèt li bay referans lan. Administratè Aksè Fanmi yo pral verifye aktivite bezwen sèvis la pandan pwosesis elijibilite a.
- Si yon paran pa gen yon bezwen sèvis aktif nan moman evalyasyon an, li kalifye pou yon otorizasyon pwovizwa "Chèche Aktivite Apwouve.." pou 12 semèn. Paran ki gen yon otorizasyon pwovizwa ap resevwa tout 12 mwa yo si yo demontre yon bezwen sèvis kalifye anvan fen 12 semèn sa yo.
- Frè paran yo pa aplike pandan premye peryòd tranzisyon 12 mwa sa a, sepandan revni ki konte a dwe toujou soumèt, dokimante ak verifye.

Dezyèm Règleman sou Otorizasyon Tranzisyonèl pou 12 Mwa

- Administratè Aksè Fanmi yo dwe detèmine elijibilite
- fanmi an selon estanda [Politik Elijibilite selon revni](#).
- Pandan dezyèm peryòd otorizasyon tranzisyonèl 12 mwa sa a, paran yo ka oblije peye yon frè ki baze sou revni yo.
- Si yon paran pa gen yon bezwen sèvis aktif nan moman evalyasyon an, li kalifye pou yon otorizasyon pwovizwa "Chèche Aktivite Apwouve..." pou 12 semèn. Li pral resevwa tout 12 mwa yo si li demontre yon bezwen sèvis kalifye anvan fen 12 semèn sa yo.

REFI, REVOKASYON, MANDE YON REVIZYON

Fanmi ki vle fè apèl kont yon refi oswa revokasyon referans gadri pou timoun ki gen rapò ak DTA yo gen dwa fè sa atravè Pwosesis Odyans Ekitab DTA a, an akò ak règleman ak politik DTA yo.

Fanmi ki vle fè apèl kont refi oswa revokasyon Èd Finansye pou Swen/Gadri Timoun pou

Revni ki Kalifye yo, sa ki enkli fanmi k ap viv sanzabri ak jèn paran, gen dwa mande yon revizyon EEC, an akò avèk [Règleman sou Refi, Revokasyon, ak Demann pou Revizyon pou Revni ki Kalifye](#).

KOMINIKASYON

DTA pral travay an kolaborasyon ak an patenarya ak Administratè Aksè Fanmi pou asire aksè a sèvis ki fèt alè e ki gen diyite. DTA pral bay non ak enfòmasyon kontak CCRR ki apwopriye a pou kowòdone enskripsyon timoun nan. Apre li resevwa referans lan nan men DTA, Administratè Aksè Fanmi an pral fè premye kontak ak fanmi an pou jwenn yon kupon (voucher). CCRR la pral ede paran yo jwenn resous yo bezwen epi idantifye yon founisè gadri timoun selon chwa yo, si yo bezwen.

Fanmi yo pral resevwa yon avi alekri sou fen peryòd otorizasyon yo, epi avi sa a dwe fèt nan 60 jou anvan peryòd elijiblite fanmi an fini. Administratè Aksè Fanmi yo pral fè fanmi yo konnen omwen de (2) fwa ke peryòd elijiblite yo ap fini. Omwen youn nan avi sa yo dwe alekri epi li dwe fèt pa pi ta pase 60 jou anvan fen peryòd elijiblite fanmi an.

Administratè Aksè Fanmi yo pral voye tout notifikasyon bay fanmi yo atravè omwen de (2) fòm kominikasyon, sa ki enkli atravè telefòn, mesaj tèks, imèl, ak/oswa bwat lapòs Ozetazini.